# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 फरवरी 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु बिहार के भागलपुर से पीएम किसान सम्मान निधि योजना कै ओन्नइसवां किस्ति जारी कइलें। एहसे प्रत्यक्ष लाभ अंतरण के जरिये देस भर के नौ करोड़ अस्सी लाख किसानन के फायदा होई। एहसे पहिले प्रधानमंत्री पीएम किसान सम्मान निधि योजना क छठवीं सालगिरह पर सज्जो किसानन के बधाइयो दिहलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में श्री मोदी येह बाति पर जोर दिहलें कि येह योजना में अबले करीब तीनि लाख पचास हजार करोड़ रूपिया किसानन के खाता में पहुंचि चुकल हवे। उहां के कहलीं कि ई पहल देस के किसानन के सम्मान, समृद्धि अउर नया ताकति दे रहलि हौ।

**********

विधानसभा के बजट सत्र में राज्यपाल के अभिभाषण पर भइल चरचा के बादे आजु सदन में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस में आइल सकारात्मक बदलाव, विकास, जन कल्याण अउर सुसासन पर आपन बाति रखलें।

***सुशासन की पहली शर्त है कानून का राज सरकार की कार्य पद्धति टेक्नोलॉलाजी का उपयोग पारदर्शी का व्यवस्था पुलिस आधुनिकी का पुलिस रिफॉर्म इन जैसे मुदो पर जो स्वतन्त्र मॉनिटरिंग के जो कार्य है आज उसके परिणाम हम सब के सामने है।***

**********

प्रयागराज महाकुंभ अब आखिरी दौर में हौ। छब्बीस फरौरी के महासिवराति के दिन्ने एइजा आखिरी नहान हौ। येह बिच्चे, महाकुंभ में सरधालुअन क रेकार्ड संख्या में अइले क क्रम जारी बा। आजु संझा चारि बजे ले एक करोड़ पांच लाख से बेसी सरधालु महाकुंभ में नहा चुकल रहलें। मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार, महाराष्ट्र क उप मुख्यमंत्री एकनाथ शिंदे, महाराष्ट्र क पर्यावरण मंत्री पंकजा गोपीनाथ मुंडे, नार्वे क पूर्व मंत्री एरिक सोलहैम अउर फिलिम जगत के कई गो सितारा महाकुंभ में नहा के आध्यात्मिकता क अनुभव कइलें।

**********

देवाधिदेव महादेव के उपासना क बिसेस परब महाशिवराति छब्बीस फरौरी के मनावल जाई। महाशिवराति के ले के बनारस के काशी विश्वनाथ मंदिर में बिसेस तइयारी कइल गइल हौ। बनारस कै जिलाधिकारी एस. राजलिंगम बतवलें कि प्रयागराज महाकुंभ के देखत काशी विश्वनाथ मंदिर में येह बेरि महाशिवराति परब पर ढेरि संख्या में सरधालु अउर नागा साधुअन के अइले क अनुमान हौ। सज्जो लोगिन के दरसन–पूजन में कउनों समेस्या न होखे एकरे बदे सज्जो तइयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ।

***शिवरात्री को लेके हमारी सारी तैयारीयां हुई है जैसे के महाकुंभ के दृष्टिगत यहा भीड़ नियंत्रण के लिए जो बैरीकेटींन की व्यवस्था कि गयी है वो यथावत चलेगा इसके अतिरिक्त उस दिन जो विभिन्न अखाड़ो की जुलूस भी होगी। उसको ध्यान मे रखते हुए उसमे गोदवलीया से जो गेट नम्बर चार तक का जो आवागमन है वो नही रहेगी बल्की गोदवलीया लाइन ललिता धाट से पीछे जायेगी।***

प्रयागराज महाकुंभ के पलट प्रवाह के देखत बनारस में शिव बराति येह बेरि महाशिवराति के एक दिन बाद सत्ताइस फरौरी के निकारल जाई।

**********

काशी–तमिल संगमम के तिसरका संस्करण में स्टार्ट–अप, इनोवेसन अउर रिसर्च दल आजु बनारस के हनुमान घाट पर गंगा में नहइलस। ई दल घाट पर प्राचीन मंदिरन में दरसन पूजन के सथहीं सुब्रमण्यम भारती के घरे जा के उनके परिवार के सदस्यनो से मिलल। एकरे बाद ई दल कांची मठ पहुंचल अउर ओइजा के इतिहास के बारे में जनकारी लिहलस। बनारस में अजुये काशी–तमिल संगमम क समापन हो रहल हौ।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद– यूपी बोर्ड क हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट क इंतिहान आजु से सुरू हो गइल। येह बेरि आठ हजार से बेसी परीक्षा केन्द्रन पर चउवन लाख से बेसी परीक्षार्थी हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट क परीक्षा दे रहल हवें। पहिले दिन्ने दुन्नो पाली में हिन्दी क पेपर भइल। संतकबीनगर जिला में एक सौ तेरह, अजोध्या में एक सौ नौ आ जौनपुर में दुइ सौ अट्टारह केन्द्रन पर परीक्षा भइल। परीक्षा के सुचारू रूप से संचालित करे बदे जिला स्तरीय कंट्रोल रूम के सथहीं राज्यस्तरीय कंट्रोलो रूम से परीक्षा केन्द्रन क निगरानी कइल जा रहल हौ। प्रदेस क माध्यमिक शिक्षा मंत्री गुलाब देवी आजु लखनऊ में बनल राज्यस्तरीय कंट्रोल रूम से परीक्षा क जायजा लिहलिनि। प्रदेस क सज्जो जिलन में नकलविहीन परीक्षा सुनिस्चित करावे बदे सीनियर अधिकारी परीक्षा केन्द्रन क निरीक्षण कइलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में कई जगहिनि पर आवे वाला अट्ठाइस फरौरी अउर एक मार्च के गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग की ओरि से जारी पूर्वानुमान के मोताबिक बिहने से सत्ताईस फरौरी ले अउर एकरे बाद दुइ मार्च के मौसम सुस्क रही। सथहीं बिहने से ले के दुइ मार्च ले देर राति अउर भिन्नहीं के समय पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं हल्लुकाहे कुहेसो क सम्भावना हौ।

**********